



Pou Piblikasyon Imedya: 27/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 14 MILYON DOLA YO BAY POU AMELYORE KALITE LÈ AK REDUI EMISYON NAN DISTRI LEKÒL KI PA GEN ASE RESOUS YO**

*Twa gwo pwojè chofaj ak refwadisman pwòp pral sèvi onz distri nan kominote defavorize yo atravè Inisyativ "Lekòl Vèt Pwòp yo"*

*Sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a pou diminye emisyon gaz efè sè yo jiska 85 pousan dis 2050*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse plis pase 14 milyon dola nan prim pou 11 distri lekòl piblik ki pa gen ase resous pou dekarbonize bilding yo atravè inisyativ Lekòl Vèt Pwòp la. Pwojè yo pral diminye emisyon gaz a efè sè, diminye depandans lekòl la sou konbistib fosil epi amelyore kalite lè andedan nan enstale ponp a chalè ki gen sous terès, ponp a chalè ki gen sous ayeryen ak ekipman kwizin elektrik. Anons sa a sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a pou diminye emisyon gaz a efè sè yo nan 85 pousan dis 2050 epi asire 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan investisman enèji pwòp yo benefisyè dirèkteman [kominote defavorize yo](#).

"Lekòl yo ka ouvri tout yon monn posiblite ak opòtinite pou pitit nou yo, men pou elèv yo plis pwofite de edikasyon yo, yo dwe nan yon anviwònman aprantisaj ki bon pou sante epi ki an sekirite", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Lekòl Vèt Pwòp yo pèmèt lekòl nou yo nan kominote defavorize yo fè amelyorasyon enpòtan pou efikasite enèji nan enstalasyon yo ki amelyore kalite lè andedan epi sipòte siksè ak byennèt elèv yo atravè eta a".

Prim Lekòl Vèt Pwòp yo, ke Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) administre, pral sipòte enstalasyon pwojè ponp a chalè ki gen sous terès, pwojè ponp chalè ki gen sous ayeryen ak pwojè ekipman kwizin elektrik nan Distri Lekòl Elaji Vil Middletown na Konte Orange, Distri Lekòl Santral Cuba-Rushford nan Konte Allegany, ak plizyè distri nan Depatman Edikasyon Vil New York. Distri lekòl sa yo ki pa gen ase resous genyen omwen yon bilding lekòl ki sitiye nan yon kominote ki defavorize.

Pwojè yo sipoze benefisyè prèske 5,800 elèv lè yo diminye emisyon gaz a efè sè ki ekivalan a elimine 112,500 galon gazolin yo konsome chak ane.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, Doreen M. Harris, te deklare,** "Inisyativ Lekòl Vèt Pwòp New York la pral ede amelyore pwodiktivite elèv yo pandan l ap ede diminye depans enèji pou lekòl ki ap fè fas ak bidjè ki deja sere. Pa gen pi bon investisman nan lavni pase sa yo ki asire timoun nou yo gen pi bon anviwònman posib pou aprann ak grandi, epi nou fyè dèske nou kapab sipòte pwochen jenerasyon lidè nou yo".

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la Basil Seggos te deklare,** "14 milyon dola nan sibvansyon yo bay jodi a ap ranfòse transfòmasyon enèji ki pi pwòp k ap fèt nan lekòl New York yo, ede nou reyalize manda klimatik Eta a pandan n ap amelyore kalite lè pou timoun lekòl yo, sitou nan lekòl ki nan kominote ki pi vilnerab kont efè polisyon lè danjere ak chanjman klimatik. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske l kontinye fè investisman nan Lekòl Vèt Pwòp yo epi mwen espere travay ak Patnè Eta DEC la, distri lekòl la, ak patnè kominotè yo pou ranfòse sa a ak lòt inisyativ vèt ki sipòte atravè Lwa sou Obligasyon Anviwònmanal 4.2 milya dola istorik la".

**Prim Lekòl Vèt Pwòp yo:**

**Distri Lekòl Santral Cuba-Rushford, Konte Allegany - 6.1 milyon dola:** Distri lekòl ki pa gen ase resous yo pral amelyore pèfòmans enèji nan anvlòp bilding nan plizyè enstalasyon pandan l ap ranplase yon pati nan sistèm klimatizasyon lokal yo ak dlo cho domestik yo avèk ponp chalè ki gen sous terès. Pwojè a kouvri twa bilding nan distri lekòl la epi li entegre konsèp enèji pwòp nan salklas la avèk plan leson enèji pwòp ak vizit pwojè apre konstriksyon pou elèv yo ak kominote a.

**Distri Lekòl Elaji Vil Middletown, Konte Orange – 4.03 milyon dola:** Distri lekòl ki pa gen ase resous sa a ap planifye pou enstale ponp chalè souterenn ak ayreyen, anplis yon sistèm jesyon bilding avèk vantilasyon kontwòl demann. Pwojè a pral genyen sistèm HVAC elektrik avèk konpozan amelyore ak operasyon pou bay pi bon kalite lè nan salklas yo ak nan tout bilding lan. Sistèm yo pral enstale nan Twin Towers Middle School, ki pral tounen yon laboratwa aprantisaj pou distri a, sa k ap pèmèt elèv yo vizite epi obsève chanm mekanik ponp chalè souteren an pou aprann sou teknoloji enèji pwòp.

**Depatman Edikasyon Vil New York (New York City Department of Education, NYCDOE), Konte New York, Konte Kings, Konte Queens, Konte Bronx ak Konte Richmond – 4 milyon dola:** NYCDOE ap enstale teknoloji enèji pwòp nan plas dlo cho domestik gaz (DHW) avèk lwil gaz ki itilize ak gaz natirèl ki egziste deja yo kòm yon pati nan angajman NYCDOE pou elwkrifikasyon total bilding lan. Finansman sa a pral afekte nèf lekòl piblik nan Vil New York, sa k ap pèmèt yo fè tranzisyon pou kite konbistib fosil yo lè yo enstale ponp chalè elektrik lè-an-dlo domestik (DHW) ak ekipman kwizin elektrik.

Avèk adopsyon Lwa sou Obligasyon Anviwònman pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt (Lwa sou Obligasyon Anviwònman), NYSERDA prevwa lanse yon dezyèm faz

pwogram finansman kapital konpetitif nan fen ane a ki pral elaji aksè a finansman pou sipòte pwojè konstriksyon dekarbonizasyon epi sèvi kòm modèl pou elektrifye sektè bilding lekòl la.

Nan Jounen Latè 2022, Gouvènè Kathy Hochul [te anonse](#) lansman inisyativ Lekòl Vèt Pwòp 59 milyon dola a. [Inisyativ Lekòl Vèt Pwòp](#) la bay sipò teknik, finansyè ak resous imen pou ede lekòl piblik ki pa gen ase resous amelyore enstalasyon yo, pote efikasite nan enèji, enèji pwòp, dirabilite, rezistans, ak solisyon elektrifikasyon nan benefis pi plis Nouyòkè vilnerab yo. Finansman an ofri sou baz enskripsyon ouvè pou sèvis pou ede lekòl yo evalye, planifye ak fasilite pwojè rediksyon enèji, pwojè enèji pwòp ak pwojè kalite lè andedan anplis finansman konpetitif, jan yo bay jodi a, pou enstale pwojè kapital ki pral ede lekòl yo amelyore dirabilite anviwònman yo epi dekarbonize bilding yo. Jiska prezan, 1,300 lekòl ki pa gen ase resous atravè 75 distri nan Eta New York ap patisipe nan pwogram lan pou resevwa asistans teknik pou evalye kalite lè andedan, rediksyon enèji, elèktrifikasyon ak pwojè dekarbonizasyon. Pwojè sa yo sitiye atravè 35 konte nan Eta New York.

Depatman Edikasyon Eta New York dezilyen tout bilding lekòl piblik yo atravè Eta New York kòm kote ki [gen gwo bezwen](#) oswa ki sitiye nan yon [kominote defavorize](#) elijib pou patisipe nan pwogram lan. Lekòl ki elijib yo refere yo kòm lekòl "ki pa gen ase resous". Kounye a, gen apeprè 2,500 lekòl ki elijib ki pa gen ase resous nan Eta New York.

Anplis de efò sa a, NYSERDA bay tou asistans teknik pou lekòl ki pa gen ase resous atravè [Pwogram Asistans Teknik fleksib](#) la. Pwogram Asistans Teknik Fleksib la ka ede lekòl yo idantifye ak evalye opòtinite pou diminye depans enèji yo epi enkòpore enèji pwòp nan planifikasyon kapital yo. NYSERDA priyorize tou kalite lè andedan ki amelyore ak dirabilite anviwònmantral atravè elektrifikasyon bilding ak amelyorasyon nan efikasite enèji pou amelyore sante nan bilding piblik ak prive nan eta a atravè yon patenarya avèk Sosyete Enjenyè Ameriken Enjenyè sou Chofaj, Refrijerasyon ak Klimatizasyon (American Society of Heating, Refrigerating and Air Conditioning Engineers, ASHRAE).

Bilding yo se youn nan sous ki pi enpòtan nan emisyon gaz ki lakòz efè sè nan Eta New York ak atravè pwogram NYSERDA ak sèvis piblik yo, yo ap investi plis pase 6.8 milya dola pou dekarbonize bilding yo toupatou nan Eta a. Lè nou amelyore efikasite enèjetik nan bilding yo ak fè avanse enstalasyon ekipman estokaj, enèji renouvlab ak ekipman rechaj pou veyikil elektik yo sou plas nan tout eta a, Eta a pral redwi polisyon kabòn li epi atenn sib anbisyè eta te etabli pou l redui konsomasyon enèji pa 185 BTU (British thermal units) disi 2025, ki ap ekivalan a alimantasyon 1.8 milyon kay.

Finansman pou inisyativ sa te posib atravè Inisyativ Gas a Efè de Sè Rejyonal (Regional Greenhouse Gas Initiative, RGGI) ak Fon Enèji Pwòp (Clean Energy Fund, CEF) Eta a ki gen 5.3 milya dola pou 10 zan, Komisyon Sèvis Piblik (Public Service Commission, PSC) Eta New York otorize li. Gen plis enfòmasyon sou finansman sa a ki disponib sou [sit entènèt](#) NYSERDA.

## **Plan Klimatik Nasyonal Eta New York**

Ajanda klimatik Eta New York la ki se lidè nan nasyon an fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. New York, ki oryante pa kèk nan inisyativ klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, sou pwen pou reyalize yon sektè enèji zewo emisyon vè 2040, ki enkli 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwatye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 55 milya dola nan 145 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 165,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2021 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk apeprè 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak 100 Kominote ki sètifye, apeprè 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)